

Mizajou 11 Mas, 2021

Priyorité Boston Medical Center sé sékirite pasyan nou yo, anplwayé yo ak vizitè yo. Pou nou ka balansé bezwen pasyan nou yo, ak asiré ke nou gen yon lopital an sekirite, nou pral limité kantité vizitè yo akòz KOVID-19. Moun ki te vwayajé soti nan [Éta ki gen gwo risk](#), ki detèmine pa Commonwealth nan Massachusetts, yo pa pral pèmèt yo vizité.

Tout Vizitè

- Tout vizitè yo dwé gen 18 tan oswa plis pasé sa épi tou yo pral fè tès depistaj pou yo pou sentòm enféksyon KOVID 19. Vizitè ki malad oswa ki gen nenpòt sentòm (lafyè, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, mis, kò fè mal, oswa nouvo aparisyon ,pèdi gou bouch ak sant) pa ka rann vizit nan **nenpòt** sikonstans.
- Tout vizitè pral resevwa yon mask chirijikal lè yo rivé é yo oblijé meté mask la toutan jiskaské yo kité batiman an, menm jan ak pratiké ijyèn pou men ak kenbé distans sosyal.
- Vizitè yo pral résévwa enstriksyon pou reté nan chanm pasyan pandan diré vizit la.
- Yo pral mande pou pasyan yo mété mask pou tout tan vizitè yo nan chanm yo.

Pasyan Granmoun ki entène

- Pou pasyan KOVID-negatif yo pral pèmèt yo gen yon vizitè pa jou, ant 2è ak 7è p.m. Chak pasyan ka gen plis pase yon vizitè nan tan yo rete lopital la, men pa plis pase yon vizitè pa jou.
- Pasyan KOVID positif gen dwa a vizitè nan sitiyasyon fen-lavi sèlman.
- Pasyan ki rivé sou fen lavi, yo ka pèmèt yo gen plizyè vizitè. Koté ki gen plizyè vizitè isit la pou vizitè pasyan, se yon sèl vizitè alafwa – tipikman wotasyon ta dwé pa plis pasé 30 minit.
- Pou pasyan yo ki gen KOVID-19 ki rivé nan fen lavi yo, vizitè limité sèvi ak PPE apwopriyé jan ékip klinik la konsyéé ap gen pèmision.

Inité Swen Entansif

- Pasyan KOVID-19 négatif nan inité swen entansif yo pral gen pèmision pou yo gen yon sèl vizitè pa jou, ant 2è ak 7è pm.
- Chak pasyan ka gen plis pase yon vizitè nan tout dire tan yo reté lopital la, men pa plis pase Yon vizitè pa jou.
- Vizitè yo ap toujou gen pèmision pou vinn wè pasyan KOVID pozitiv ki nan sitiyasyon fen –lavi sèlman.

Pasyan Pedyatri ki entène/ NICU

- Pou pasyan pediatrik , yon paran/gadyen ka vizité. Lè vizit yo se 24sou24/7jou sou 7.
- Pou pasyan NICU, yon paran/gadyen ka vizité. Dé paran/gadyen ka vizité pou ansèyman espesyal

Travay ak Akouchman

- Se yon sèl moun sipò ki otorizé rété pandan akouchman pasyan an ak apré akouchman.

Klinik Ambilatwa

- Yo pa otorize okenn vizitè nan nenpòt klinik ambilatwa ak **twa** eksépsyon .
 - Yon paran ki akonpanyé yon timoun ki gen yon randévu.
 - Yon moun kap bay swen ki akonpanyé yon andikapé, granmoun ajé, otréman bezwen you moun kap bay swen.
 - Yon mine ki akonpayé yon pasyan ki gen yon randevou, si gadri pa disponib (eksepsyon radyoloji, Klinik Pèfuzion, dantè)

Depatman Ijans

- Depatman Ijans pou Granmoun: pa gen vizitè.
- Depatman Ijans Pédyatrik otorizé yon paran / gadyen ak timoun lan.

Sèvis chirijikal

- Pa gen okenn vizitè ki otorize pou pasyan ki pral sibi operasyon avèk 2 éksépsyon:
 - Yon paran ki akonpayeéyon timoun
 - Yon moun kap bay swen ki akonpayé yon pasyan enfim otréman ki bezwen moun kap pran swen li an la.